

**NaMutungamiri  
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga  
muHutungamiri Hwekutanga



# Rufaro rweAvo Vatinoda

**T**ose tose tinoda rufaro rweavo vatinoda, uye tinoda kurwadziwa kwavo kwakashomeka samakwanisikiro azvingaita. Apo patinoverenga nyaya dzerufaro—uye dze kurwadziwa—muBhuku raMormoni, moyo yedu inobatwa t apo patinofunga nezve vadikanwi vedu. Heino nyaya yechokwadi yenguva yorufaro:

“Uye zvakaitika kuti pakanga pasina kupesana munyika, nokuda kwerudo rwaMwari urwo rwakagara mumwoyo yavanhu.

“Uye pakanga pasina ruchiva, kana gakava, kana kumukirana, kana upombwe, kana nhema, kana kuponda, kana nzira dzeruchiva dzipi zvadzo; zvechokwadi hakuna vamwe vanhu vaifara kupfuura vanhu ava pakati pevanhu vakasikwa noruoko rwaMwari.”

Zvino tinoverenga:

“Uye vakakomborerwa sei! Nokuti Ishe vaivakomborerwa mukuita kwavo kwose; hongu, vakakomborerwa vakabudirira kusvikira makore zana negumi apfuura; uye chizvarwa chokutanga kubva pana Kristu chakanga chapfuura, uye pakanga pasina kupesana munyika yose.” (4 Nifai 1:15–16, 18).

Vadzidzi vanerudo vaKristu vanonamatira nokushandira ropafadzo yakadaro kune vamwe uye nekwavari. Kubva munyaya dziri muBhuku raMormoni uye, kune vakawanda vedu, kubva muzvitiko zvedu pachedu, tinoziva kuti chipo cherufaro chinokwanisa kuwanikwa. Tinoziva kuti nzira yekurufaro yakatarwa zviri pachena. Tinozivawo kuti kuchengeta rufaro hakusi nyore kusara

kokuti, sezvazvakaita nevaNifai mushure mekushanya kweMuponesi, “rudo rwaMwari” rwagara mumoyo yedu.

Rudo irworwo rwaiva mumoyo yevaNifai nokuti vakachengeta murau waiita kuti zvikanisike. Pfupe yemurau iwoyo inowanikwa mumuamato yesakaramende, iyo inotanga nekuteterera kwechokwadi kuna Baba Vokudenga vane rudo. Tinonamata nemoyo wakazara nerutendo, uye nerudo rwakadzama, rweMuponesi wedu pachedu. Tinotsidzira nechinangwa chechokwadi kutora patiri zita Rake, kuMurangarira, uye kuchengeta mirairo Yake yose. Chokupedzisira, tinoshandisa rutendo rwekuti Mweya Mutsvene, nhengo yechitatu yeMusoro wehuMwari, unagara uinesu nguva dzose, uchipupura kumoyo yedu nezva Baba uye nezve Mwanakomana Wavo Anodiwa. (OnaD&Z 20:77, 79)

Neufambidzani hweMweya Mutsvene, moyo yedu inokwanisa kushanduka kuita kuti tide nokutambira rudo rwaBaba vedu Vokudenga uye rwaishe Jesu Kristu. Nzira yokuwana nayo rudo rwaMwari mumoyo yedu yakareruka, sezvakaitawo nzira yokurasikirwa nayo manzwiwo erudo irworwo mumoyo yedu. Somuenzaniso, mumwe munhu angangosarudza kunamata nguva shoma kuna Baba Vokudenga kana kusabhadhara chegumi chakazara kana kurega kudya mushoko raMwari kana kushaya hanya nevarombo nevanoshaya.

Sarudzo ipi zvayo yokusachengeta mirairo yaIshe inokwanisa kukonzera Mweya kubva mumoyo yedu. Nekurasikirwa ikoko, rufaro runoderera.

Rufaro rwatinoda kuvadikanwi vedu runoenderana nesarudzo dzavo. Zvisinei nemadiro atingaita mwana, mutsvagi, kana shamwari dzedu, hatikwanisi kuvamanikidza kuchengeta mirairo kuitira kuti vagokodzera kuti Mweya Mutsvene ubate nokushandura moyo yavo.

Saka rubatsiro rwakanakisisa rwatinokwanisa kupa nderwe izvo zvipi zvazvo zvinotungamirira avo vatinoda kutaririra sarudzo dzavo pachavo. Aruma akazviita neku-koka kwaungangopa:

“Muzvirereke pamberi paIshe, uye mudaidze zita ravo dzvene, uye mutarisire uye murambe muchinamata, kuti musaedzwe kudarika zvamunogona kukunda, uye kuti mutungamirwe neMweya Mutsvene, muchizvirereka, makapfava, muchibvuma, munemoyo murefu, muzere nerudo uye nokushivirira kose;

Muine rutendo munaIshe; muine tariro yokuti muchagashira upenyu hwokusingaperi; muine rudo rwaMwari mu-mwoyo yenyu nguva dzose, kuti mugozosimudzwa musi wekupedzisira uye mugopinda muzororo ravo. (Aruma 13:28–29).

Ndinonamata kuti avo vamunoda vangatambira ku-koka kwakafemerwa kwekusarudza nzira yokurufaro rusingaperi.

## KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanodzidzisa kuti rufaro rwatinonzwa muupenyu ruri pamaererano nesarudzo dzatinaita. Apo paunokurukura shoko rino, funga kunangisa pazvinhu izvo Mutungamiri Eyring zvavanotaura kuti tinokwanisa kusarudza kuita (sezvakaita kunamata, kushanda, kushandisa rutendo, uye kuzvitsidzira pachedu nechinangwa chechokwadi) zvinotitungamirira kunzira iyoyo yerufaro. Unokwanisa kukoka avo vaunodzidzisa kuti vanyore pasi zviito zviviri kana zvitatu zvavanoda kuita izvo zvinokwanisa kunyatsa kuvatungamirira “kunzira yerufaro rusingaperi.”

## VECHIDIKI

### Zviito zvinotungamirira kuRufaro

**M**utungamiri Eyring vanodzidzisa kuti “Rufaro rwatinoda kuvadikanwi vedu runoenderana nesarudzo dzavo.”

Unokwanisa kuverenga nezve shanduro inokwanisa kuitwa nesarudzo kubva mumienzaniso yaNifai, Ramani, naRemueri. Ramani naRemueri vakatsutsumwa uye vakanga vasingadi kuchengeta mirairo (ona1 Nifai 2:12). Semugumisiro, ivo nezvizvarwa zvavo vakatukwa uye vakabviswa kubva pamberi palshe (ona2 Nifai 5:20-24). Nifai akasarudza kuteerera mirairo (ona1 Nifai 3:7), uye nokuda kwaizvozvo, iye nevanhu vake “vakagara netsika yerufaro” (2 Nifai 5:27).

Unokwanisa kusarudza kuva wakarurama uye noku-fara. Asi vanhu vakakukomberedza vanogona kuramba vachiita sarudzo dzisina kunaka idzo dzinotungamirira kukusuwa kana kusagadzikana. Apo sarudzo idzodzo dziri dzavo kuita, muenzaniso wako unokwanisa kushandura sarudzo dzavo munezvakanaka. Sarudzo dzako dzinokwanisa kuunza rufaro kune vamwe sei? Kurukura nemhuri yako nzira dzakasiyana dzaunokwanisa kushandura zvakanaka avo vakakukomberedza nokuvabatsira kunzwa rufaro.

## VANA

### Chiedzwa cheTsitsi

**A**po Jesu paakashanyira vanhu munyika dzeAmerica, Akadzidzisa kudanana uye kuva netsitsi. Chii chaunokwanisa kuita kutevera Jesu uye nokuda vamwe? Haano mamwe mazano Maka chiedzwa chega chega chaunenge wapedza kuita.

- Ndinokwanisa kumbundikira mumwe munhu anenge akasuwa.
- Ndinokwanisa kushandira mumwe munhu muchivande.
- Ndinokwanisa kuverenga kana kuona nhaurwa yemusanganano mukuru iri pamusoro pekuva netsitsi.
- Ndinokwanisa kuimba rumbo rweVana Vadiki kumhuri yangu.
- Ndinokwanisa kunyemwerera mumwe munhu anotari-dzika kuti akasurikirwa
- Ndinokwanisa \_\_\_\_\_.
- Ndinokwanisa \_\_\_\_\_.

© 2016 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/15. Mvumo yedudziro: 6/15. Dudziro ye*First Presidency Message, January 2016*. Shona. 12861 731



# Mhuri: Chiziviso kuNyika

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa dzidziso yemhuri kunozoropafadza sei avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuvana rumwe ruzivo, enda ku [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).*

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Nezve musangano mukuru weChita cheRubatsiro muna 1995, apo Mutungamiri Gordon B. Hinckley (1910 - 2008) pavakatanganga kuverenga “Mhuri: Chiziviso kuNyika,” Bonnie L. Oscarson, mutungamiri mukuru weVasikana veChidiki, akati: “Takatenda uye takakukudza kududzira, kureruka, uye huchokwadi hwegwaro iri rakazazurwa. . . Chiziviso pamhuri chakava mwero wekuyera nawo dzidziso dzenyika, uye ndinopupura kuti misimbote iri machiri . . . ndeye chokwadi nhasi sezvayakanga iri apo payakapiwa kwatiri nemuporofita waMwari makore angangoita makumi maviri akapfuura.”<sup>1</sup>

‘Kubva kuchiziviso chemhuri,’ anowedzera Carole M. Stephens, mutevedzeri wekutanga muhutungamiri hukuru hweChita cheRubatsiro, “tinodzidza kuti, ‘Munyika tisati tauya pano pasi, vanakomana nevanasikana vemweya vaiziva nokunamata Mwari saBaba vavo Vokusingaperi’<sup>2</sup>. . .

“. . . Mumwe nomumwe wedu inhengo uye anodiwa mumhuri yaMwari.”<sup>3</sup>

Tinorarama munguva apo vabereki vanofanira kudzivirira dzimba dzavo nemhuri dzavo. “Mhuri: Chiziviso kuNyika” chinokwanisa kuti tungamirira.

## **Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene**

Mosaya 8:16–17; Dzidziso neZvibvumirano 1:38

## **Nyaya dzeVanhu Vanorarama Nhasi**

“Lee Mei Chen Ho anobva kuWadhi yeChitatu yetao Yuan, muSiteki yeTao Yuan Taiwan, akati chiziviso chakamudzidzisa kuti ukama hwemhuri hunobatsira kukudziridza hunhu hweumwari sezvakaita rutenendo, mwoyo murefu, nerudo. ‘Apo pandinoedza kuzvinatsa maererano nechiziviso, ndinokwanisa kunzwa rufaro rwechokwadi,’ akadarwo.”<sup>4</sup>

Barbara Thompson, uyo akanga aripo apo chiziviso pachakave-rengwa kokutanga uye pashure akazoshanda semutevedzeri muhutungamiri hukuru hweChita cheRubatsiro, akati: ‘Ndakafunga kwekanguva kadiki kuti [chiziviso chemhuri] chakanga chisina

chekuita neni zvakananyanya sezvo ndakanga ndisina kuroorwa uye ndakanga ndisina kana vana. Asi nepachinguva ichocho ndakabva ndafunga kuti, ‘Asi chinechekuita neni. Ndiri nhengo yemhuri. Ndiri mwanasikana, hanzvadzi, tete, mainini kana maiguru, mukoma kana munin’ina, uye ndiri muzukurukadzi. . . .Kunyange dai ndanga ndirini chete nhengo yemhuri yangu irikurarama, ndichiri nhengo yemhuri yaMwari.’”<sup>5</sup>

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Bonnie L. Oscarson, “Defenders of the Family Proclamation,” *Liahona*, Kubvumbi 2015, 14–15.
2. “Mhuri: “Chiziviso kuNyika” *Liahona*, Mbudzi 2010, 129;
3. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, Mbudzi 2015, 11.
4. Nicole Seymour, “The Family: A Proclamation to the World’ reaches 10-Year Milestone,” *Liahona*, Mbudzi 2005, 127.
5. Barbara Thompson, in *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 148.

## **Funga Izvi**

“Mhuri: Chiziviso kuNyika” igwaro renguva yedu sei?